QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30

**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

27-апрель 2021 ж /й 03-04/01-2204-сонли

Тақыятас районы 1-киши район,
4а жайдың 14-ханасында жасаўшы
пуқара Айжамал Абдимуратоваға

Сизиң, 2021-жыл 13-апрель күни Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигине жоллаған мүрәжатиңиз бойынша Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлими тәрепинен үйрениў жумыслары өткерилип, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди.

Мүрәжатиңизде, «Тақыятас районы 2-санлы мектеп директоры Хайтбай, Юсупова Барноны еки ис орнына алып қойыпты, қараўыл ҳәм ҳәўлиман болып ислейди. Бирақ, Юсупова Барно өзине бекитилген жумысына немқурайлық пенен қарайды, себеби ўақтында мектепти ашпайды, сыпырып тазаламайды, ислемеседе оған не себептен айлық ис ҳақы төленеди билмедим, не ушын директор Хайтбай, Юсупова Барноға билседе билмегендей қарап отырыпты. Сол себепли 2-мектептиң бухгалтериясын штатын айлық ис ҳақыларын бюджеттен келген кирим шығымларды ҳәммесин тексерип, Б.Юсупованың ҳаял адам болып қалайынша қараўыл болып ислеп келмекте, оны қараўыллықтан алып, ҳәўлиман етип бериўиңизди сорап, директор Хайтбайға тийисли шара көрип бериўиңизди Б.Юсупованың анық ислемеген болса алған айлықларын қайтарып төлетип бериўиңизди сорап қаламан» деп көрсетип өткенсиз.

Мүрәжатке анықлық киритиў ушын мектеп сипсекешлери Ж.Кенебаева ҳәм С.Қурбанбаевалар өз түсиник хатларында «Юсупова Барно мектепте 1,0 ставкада қараўыл, 0,5 ставкада ҳәўлиман болып ислейди. Қараўыллық ҳәм ҳәўлиманлық жумысларын өз ўақтында алып барады» деп көрсетеди.

Мектеп сипсекеши У.Ходжакова, өз түсиник хатында «1997-жылдан баслап усы мектепте сипсекеш болып ислеп келмектемен. Юсупова Барноны жақсы таныйман, ол мектепте 1,0 ставкада қараўыл, 0,5 ставкада ҳәўлиман болып ислеп келмекте. Қараўыллық сменасында турған ўақытта, ҳәўлиманлық жумысын бирге қосып алып барады. Сменадан шыққан ўақытта, түстен кейин мектепке келип, өзине бекитилген аймақты тазалап жүреди. Оның жумыс ислеместен, айлық алғанлығын еситпедим. Мектепте 1,0 штат ҳәўлиманлық лаўазымы болып, 0,5 ставкада Б.Юсупова, 0,5 ставкада С.Базарбаева ислейди. С.Базарбаева ҳәзирги ўақытта мийнет дем алысында. Сонлықтан, С.Базарбаеваның 0,5 ставка ҳәўлиманлық ўазыйпасын өзиме қосып бирге алып бармақтаман. Б.Юсупова түстен кейин ҳәўлиманлық жумысын ислеп келмекте» деп көрсетеди.

Мектеп директорының хожалық ислери бойынша директор орынбасары К.Джуманиязов өз түсиник хатында «2020-жыл 8-сентябрь сәнесинен баслап хожалық ислери бойынша директор орынбасары болып ислеп келмектемен. Мениң ўазыйпама, штаттағы хызметкерлерге айлық жазыў. Юсупова Барно 1,0 ставка қараўыл, 0,5 ставка ҳәўлиман болып ислейди. Мен жумысқа келген даўиримнен баслап Б.Юсупова қараўыллық ҳәм ҳәўлиманлық жумысын өз ўақтында, жақсы алып бармақта» деп көрсетеди.

Мектеп директоры Х.Халиллаев өз түсиник хатында «2017-жыл сентябрь айынан баслап директор лаўазымында ислеп келмектемен. Б.Юсупова 2017-жыл 1-ноябрьден баслап 0,5 ставкада ҳәўлиман болып жумысқа келди. 2018-жыл июль айында қараўыл болып жумыс баслады. Ҳәзирде 1,5 ставкада жумыс алып бармақта» деп көрсетеди.

Мектеп 1,0 ставка қараўыл, 0,5 ставка ҳәўлиманы Юсупова Барно өз түсиник хатында «пуқара А.Абдимуратованың 13.04.2021-жыл Өзбекстан Республикасы Қаржы министрлигине жоллаған мүрәжати менен танысып шықтым. Мектепте 1,0 ставкада қараўыл, 0,5 ставкада ҳәўлиман болып ислеп келмектемен. Қараўыллық сменамда ҳәўлиманлық жумысымды қосып алып бараман, сманадан шыққан күни түстен кейин ҳәўлиманлық жумысым бойынша өзиме бекитилген аймақты тазалап кетемен. Мениң ўақтында жумысқа барып жүргенлеримди, қараўыллар, сипсекешлер, ҳәўлиман ҳәм мектеп хожалық ислери бойынша директор орынбасары көрип жүр. Мен пуқара А.Адимуратованың арзасында келтирилгенлерди тастыйықламайман. Бул пуқара мектепте ислемегенликтен, билместен мүрәжат қылған болыўы мүмкин» деп көрсетеди.

Юсупова Барно Мауленбергеновнаның мектепте 1,0 ставкада қараўыллық, 0,5 ставкада ҳәўлиманлық жумысларында ислегенлиги мийнет нызамшылығына қайшы келмейди. Жоқарыдағы көрсетпелерге көре,  Б.Юсупова қараўыллық сменасы ўақтында ҳәўлиманлық жумысын бирге қосып алып барып келген, сменадан шыққан күни күннин екинши мезгилинде 0,5 ставка ҳәўлиманлық жумысы бойынша өзине бекитилген аймақты тазалап келген.

Мийнет нызамшылығында ҳаял адамның қараўыллық лаўазымында ислеў яки ислеўге рухсат етилмегенлиги көрсетилмегенликтен, Б.Юсупованың қараўыллық лаўазымында ислеўине тостықлық болмайды.

Мийнет нызамшылыгында ҳәр бир хызметкер 1,5 ставкада жумыс алып барыўына рухсат етилген.

Мүрәжатти үйрениў барысында, Б.Юсупованың қараўыллық сменасына өз ўақтында келип жумыс алып барғанлығы, қосымша ўазыйпасы бойынша 0,5 ставкада ҳәўлиманлық жумысын өз ўақтында алып барғанлығы бойынша ис ҳақы дурыс есапланған деп есапланып, ҳәўлиманлық лаўазымы бойынша есапланған ис ҳақысын мәмлекет бюджетине қайтарыўға ҳеш қандай тийкар жоқ деп есапланса мақсетке муўапық болады.

Жоқарыдағыларды инабатка алып, Сизге мүрәжат бойынша мектептиң 1,0 ставкасы қараўылы, 0,5 ставка ҳәўлиманы лаўазымында Б.Юсупованың ислеўи мийнет нызамшылығына қайшы келмейтуғынлығы, Б.Юсупованың ҳаял адам болып қараўыл лаўазымында жумыс алып барыўы мийнет нышамшылығына қайшы келмейтуғынлығы, Б.Юсупова 0,5 ставкада ҳәўлиманлық жумысын өз ўақтында алып барғанлығы бойынша ҳәўлиманлық лаўазымы ушын есапланған ис ҳақы дурыс төленип атырғанлығын  билдиреди.

Арза ийесине усы үйрениў нәтийжелеринен наразы болған тәғдирде жоқары турыўшы мәкемелерге мүрәжат етиўге ҳуқықлы екениңизди билдиремиз.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Орынлаўшы: Т.Утепов*
*Тел: (861) 222-92-63*

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/6140 -son KVITANSIYA

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma 3/к qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga Ташкетас [illegible]

Kimga Абдигуроев [illegible]

Og`irlik 20 g.

Jo`natish uchun to`lov 3800 so`m ______ tiyin

**Qabul qildi** ______

(imzo)